



Pou Piblikasyon Imedya: 19/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN 72 INITE DEVLOPMAN LOJMAN
ABÒDAB AK SIPÒ NAN BRONX**

***HELP Home Simpson ofri apatman abòdab ak sèvis sipò sou plas pou 44 adilt ki
se ansyen sanzabri***

***Devlopman gen ladann gad manje ak sèvis kominotè ki soti nan St. Peter's
Deliverance Ministries***

Foto seremoni koupe riban disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman yon devlopman lojman abòdab ak sipò ki gen 72 inite nan seksyon Foxhurst nan Bronx. HELP Home Simpson ranplase yon bilding legliz ki gen yon etaj pa yon devlopman ki efikas an enèji ki gen ladan espas komèsyal pou St. Peter's Deliverance Ministries pou opere yon gad manje epi bay sèvis kominotè.

"Ak achèvmman HELP Home Simpson, plis pase 70 fanmi Bronx pral genyen kounye a yon kote ki an sekirite, modèn ak abòdab pou yo rele lakay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an rete angaje l pou l ogmante apwovizyonman bon jan kalite lojman abòdab, elaji aksè ak sipò ak sèvis enpòtan yo, epi travay sere ak òganizasyon lokal yo ak founisè sèvis yo pou asire ke tout Nouyòkè yo – sitou Nouyòkè k ap eksperimente sityasyon sanzabri yo – gen sekirite ak establite yo bezwen pou pwospere."

Nan senk ane pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève apeprè 14,700 lojman nan pri abòdab nan Bronx. HELP Home Simpson kontinye efò sa a epi konplete Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la pou kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab atravè New York, ki enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Bilding sèt etaj la ofri 72 apatman nan pri abòdab pou fanmi ki ap touche 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan oswa pi piti pase sa. Yo rezève karannkat apatman pou granmoun selibatè ki kwonikman sanzabri ki bezwen sèvis sipò

pou viv poukont yo. Rezidan sa yo pral gen aksè a sèvis ki finanse pa Inisyativ 15/15 Vil New York (New York City 15/15 Initiative) la epi ki bay pa HELP USA, Inc.

Premye etaj bilding lan genyen 8,500 pye kare espas komèsyal pou Legliz St. Peter's Deliverance la itilize pou dirije ministè yo ak pwogram kominotè yo, ki gen ladan yon gad manje ak pwogram edikasyon. Ekipman rezidansyèl yo gen ladan yon teras do-kay, depo bisiklèt ak enstalasyon lesiv.

Bilding lan te fèt pou satisfè estanda efikasite enèji nan building ki pi wo nan Pwogram Nouvo Konstriksyon Miltifamilyal Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la. Karakteristik yo enkli fenèt ki efikas an enèji, aparèy ak ekleraj Energy Star, ak yon do kay vèt pasyèlman.

Ekip devlopman an gen ladan HELPDevCo, CMC Development LLC, ak Legliz St. Peter's Deliverance Ministries.

Finansman Eta a pou devlopman 33 milyon dola gen ladan 17.5 milyon dola nan Kredi Enpo sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba yo ki soti nan HCR, ak 63.200 milyon dola ki soti nan NYSERDA. Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development) nan Vil New York la te bay 6 milyon dola atravè Pwogram Prè Lojman Sipò (Supportive Housing Loan Program, SHLP) a. Kòporasyon pou Prezèvasyon Kominotè (Community Preservation Corporation, CPC) pral bay 7.6 milyon dola nan kad pwogram prè pèmanan Freddie Mac la.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "HELP Home Simpson se envestisman eta a ki pi resan nan agrandi opòtinite lojman abòdab atravè Bronx. Avèk plis pase 70 inite apatman ak sèvis kominotè St. Paul's Deliverance Ministries ofri, devlopman sa a pral san dout transfòme lavi epi bati yon kominote ki pi solid epi ki gen plis siksè. Nou rekonesan anvè St. Paul's Deliverance Church paske li te rann tè a disponib pou redevlopman ak eta nou an, vil la ak patnè prive yo pou ede nou livre nouvo kay sa yo nan Foxhurst."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "New York kontinye demontre ke bay lojman an sekirite ak konfòtab pou rezidan ki pi vilnerab nou yo ka mache men nan men ak rediksyon itilizasyon ak pri enèji lè nou adopte mezi konstriksyon dirab tankou enstale fenèt, aparèy ak ekleraj ki efikas an enèji. Apwòch avanse sa a pou lojman abòdab ofri yon eksperyans konplè pou lokatè yo ak sèvis ki ka aplike nan kominote atravè eta a."

Senatè Eta a, Luis Sepúlveda te deklare, "Antanke Senatè Eta New York k ap reprezante Bronx, mwen felisite angajman Gouvènè Hochul pran pou ogmante apwovizyonman bon jan kalite lojman abòdab epi bay kominote nou an sèvis sipò esansyèl. Finisman devlopman HELP Home Simpson lan se yon temwayaj efò kolektif nou pou asire sekirite ak establite Nouyòkè parèy nou yo. Se yon etap enpòtan nan direksyon pou kreye yon Bronx ki pi an sekirite, ki pi enklizif."

Manm Asanble a Kenny Burgos, te deklare, "Se yon temwayaj pouvwa kominote a ak kolaborasyon lè nou wè yon pwojè tankou HELP Home Simpson vivifye. Devlopman lojman abòdab ak sipò sèt etaj la, ki gen 72 inite sa a nan seksyon Foxhurst nan Bronx non sèlman adrese bezwen kritik pou lojman abòdab, men tou li ofri sèvis esansyèl pou moun ki plis bezwen li. Li kanpe kòm yon egzanp briyan sou fason inovasyon, konpasyon, ak envestisman responsab ka transfòme yon kominote epi bay yon avni pi briyan pou tout rezidan li yo."

Prezidan Minisipalite Bronx, Vanessa L. Gibson te deklare, "HELP Home Simpson se yon ogmantasyon ki byen akeyi nan minisipalite a ki pral ofri lojman abòdab, sèvis konplè, efikasite enèji, ak lòt ekipman pou rezidan nou yo ak fanmi ki pi bezwen li. Mwen vle remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak ekip li a pou travay yo sou pwojè sa a ki konbine espas komèsyal ak rezidansyèl pou sipòte non sèlman lokatè devlopman sa a men tou kominote Foxhurst la."

Prezidan HELPDevCo, David Cleghorn, te deklare, "Home Simpson se yon egzanp ekselan nan yon kominote ki reyini ansanm pou bay bon jan kalite lojman abòdab ak sipò pandan y ap kenbe yon jefò kominotè enpòtan nan Legliz St. Peter's Deliverance Ministries la. Ekip devlopman an kolabore pou reyalize pi bon ak itilizasyon tè sa a pou konstwi yon byen kominotè ki pral dire pou plizyè deseni."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral HELP USA a, Tom Hameline, te deklare, "Ofri sèvis pou pèmèt moun ki gen plis bezwen pou yo viv ak diyite nan kè misyon nou an, epi HELP Home Simpson pral fè sa. Pandan m ap prepare pou m remèt lidèchip HELP USA bay siksesè m nan, Dan Lehman, mwa pwochen an, mwen rekonesan anvè Gouvènè a, HCR, NYSERDA, ak HPD paske yo fè sa epi paske yo fè pwojè tankou li vin yon priyorite."

Vis Prezidan Adwejn ak Responsab Ipotèk nan Community Preservation Corporation, Jason Osborn, te deklare, "Pwojè HELP Home Simpson la temwanye pouvwa envestisman ki baze sou misyon nan lojman kapab genyen pou reponn ak bezwen inik yon kominote. Nan CPC nou kwè ke li enpòtan pou kolabore sou pwojè lojman ki bay sitwayen ki pi vilnerab nou yo yon kote abòdab pou yo rele lakay yo, ak yon anviwònman ki bay sipò kote yo ka viv ak diyite ak respè. Mèsi Gouvènè Hochul ak ekip li yo nan HCR ak NYSERDA, HPD, patnè depi lontan nou yo nan HELP, ak tout moun ki gen enterè k ap travay pou fè Vil New York vin pi abòdab ak ekitab pou tout moun."

Pastè ak Direktè Jeneral St. Peter's Deliverance Ministries, Shante Edgehill, te deklare, "Lè nou kapab gen enpak sou kominote kote mwen te grandi a - pandan an menm tan n ap chanje avni Vil New York ak istwa Bronx pou tout tan - li gen enpak sou plizyè santèn fanmi. Mwen trè rekonesan pou m pataje tè mwen an ak ekip devlopè yo, HELPDevCo ak CMC Development Corp, ki te bay nou pi gwo opòtinite pou n aplike solisyon Diven an nan kominote sa a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)